Муниципальное учреждение
«Управление дошкольного образования
Гудермесского муниципального района»
Муниципальное бюджетноедошкольное образовательное учреждение
«Детский сад № 10 г. Гудермес
Гудермесского муниципального района»
( МБДОУ «Детский сад № 10 г. Гудермес»)
Муниципальни учреждени «Гуьмсан муниципальни кIоштан
школал хьалхара дешаран урхалла»
Муниципальни бюджетни школал хьалхара дешаран учреждени
«Гуьмсан муниципальни к1оштан Гуьмсе г1алан «Берийн беш № 10»

# Конспекты

# организованной образовательной деятельности

# на районный конкурс

# с учетом национально-культурных особенностей

# родного края

# «Быт, устои, традиции, культуры чеченского народа»

# Конспект

# организованной образовательной деятельности

# на тему:

# «Давайте радоваться жизни!»

Педагог-психолог: Тасаева Б.И.

## Коьчал: Дахарах марзо эций вай.

1аморан 1алашонаш:Берашна, дагахь дерг хьагайта 1амор бес-бесара кепашца(дашца,дечуьнца, говзаллица).

Кхетош-кхиоран 1алашонаш:Берашна салам-маршаллин маь1на к1оргера довзийтар.

Кхиоран 1алашо: Берийн хазахетарх долу хаарш тамдар;

Гайтаман г1ирс:Хазахетаран суьрташ, цхьана басахь салфеткаш, бес-бесара къоламаш, альбомни кехаташ; тайни уьйриг.

Гулдаларан минот

Бераш гуо бина охьахевшина ду.

Психолог: Бераш, де дика хуьлда шун!

Бераш: Дална езийла хьо!

Психолог: Уггар хьалха тахана дагадаити вай к1еда-мерза дешнаш. Муха дешнаш олу адамаша вовшашка ?

Бераш: «Де дика хуьлда», «Марша вог1ила», «1одика йойла», «Дала аьтто бойла», «1уьйре дика хуьлда», «Суьйре дика хуьлда», «Дела реза хуьлийла».

Психолог: «Де дика хуьлда хьан» - ма инзаре дош ду иза. Ладог1иша: «Де дика хуьлда хьан» – муха кхета шу оцу дешнех, алийша соьга?.

Бераш:Дика х1ума хилийла. Хазахетар хуьлила.

Психолог: Нийса бах.Ч1ог1а дика элира аш.Х1окху дийнахь массо дика х1ума хилийла хьуна, цхьа вониг ма гойла бохург ду иза.« Дална везийла хьо!» Цулла доккха х1ума х1ун хир ду? Ма к1оргера маь1на ду оцу дешний. Адам вовшех моцуз кхета, Дела дагавоуьйтуш, вовшех къинхетам хулуьйтуш , вочунах ларъвеш, дино сарралц 1алашдо вай оцу хазчу дешнаша.

1.Шардар «Дог»

Психолог: Бераш, сан карахь ловзарг ю «дог».Адамийн дегнаш чохь дехаш ду безам, йовхо, доттаг1алла. Ас д1ало шуна х1ара «дог». Х1ара «дог» кар-кара оьцуш вовшашка хаза,к1еда-мерза,эсала дешнаш алий вай. Бераш:Ма хаза хийти суна хьо гина, Хьава! Хьо мел дик к1ант вай, Аюб!……..)

Психолог: «Дог» юха соьга схьакхечи, ма дика ду иза.Хаза дешнаш эли аш массара!Дала 1алашдойла шу деригге!

2.Шардар «Сурт х1оттар»

Психолог: «Бераш, цхьа тамашина кехат деъна суна поштехула. Д1адилли ас, ткъа цу чохь суьртийн дакъош ду. Со уьш вовшехх1отта г1оьртира, амма сан г1уллакх ца хилира.Аш суна г1о дийр дари, уьш вовшехх1уттуш, т1аккха вайна хуур дара,тахана вай стенах лаьцна дуьйцур ду.(Бераша вовшехтосу суьрташ)

Психолог: Х1ара мил ву? Х1ара м к1ант ма ву! Муха ву к1ант – самукъане ву,оьг1азе ву,кхоьлина ву, алал бераш? Бераш: К1ант самукъне ву. К1ант воьлуш ву. Нийса бах, к1ант самукьане ву . Бераш, шуна вевзи иза?

Бераш: Вевза дера, Бабин Ч1ирдиг ву иза. Ц1е йоккхушехь не1 туху, чоьхьаволу Бабин Ч1ирдиг.

Психолог: Ой, Бабин Ч1ирдиг хьо вац иза? Де дика хуьлда хьан! Хьо муха кхечи тхо долче?

Бабин Ч1ирдиг: Дална дезийла шу а! Шу ма хаза вовшехккхетта, ма самукъане ду шу долчехь. Шуьгара г1о-накъосталла оьшуш веъна со.

Психолог: Хьадицал ,тхо ладуг1уш ду.

Бабин Ч1ирдиг: Сан доттаг1ий бу хьуьнхахь 1аш – Зуьгалг, Уьнт1апхьид. Т1аьхьарчу заманчохь ч1ог1а г1айг1ане ю и шиъ,

самукъадолуш яц цхьанне х1уманах. Суна леч1къаргех, т1аьхьидарх ловзуш хазахета, амма цу шинна ца лаьа. Зуьгалги, Уьнт1апхьиди самукъдаккхха ху дийр дара теша?

Психолог: Бераш, г1о дой вай Бабин Ч1ирдигна, цуьнан накъосташна?

Бераш: Тхо реза ду,ч1ог1а дик хир ду. Тхоьца 1е Бабин Ч1ирдиг, вайна цхьанне карора ду хьан хаттарна жоп, хьавола , охьахаа тхуна юккъе.

Психолог: «Бераш, адамаша шаьш дуьхьал кхетча вовшашка салам-маршал ло,т1етуху велавалар,къажар,к1еда -мерза дешнаш олу,т1аккха вай вовше болу безам сов болу. Вай олу- «Де дика хуьлда хьан,сан хьоме нана, са дика нана! Ма дика ду Дала суна хьо елла!» Бераш кхин муха эсала, к1еда мерза дешнаш хаьа шуна, шайн доттаг1ашка а, гергарчаьрга а олуш долу? (Ма дика накъост ву хьо Адам! Ма тешаме доттаг1 ву хьо Ислам! и. кх. дг1).

Психолог: «Бераш дагадаитий вай, муха хуьлу хазахетар вайн юьхь т1ехь, суьрта т1ехь» (дийцар юьхьахийцамех лаьцна; суьрташ т1ехь гайтар хазахетар гойтуш долу сурт).

Бераш: хазахетар хилча вай юьхь хаза хуьлу.Бат йоьлуш хилча,б1аьргаш а боьлу.

3.Ловзарг «Туьтм1аьжиг»

Психолог: «Бераш ,х1инца хазахетар гойтуш йолу туьтм1аьжиг йийр ю вай.Х1окху салфеткаш т1ехь п1елгашца кегий 1уьргаш даха деза аш, цунах йоьлуш йолу туьтм1аьжиг хилийта.

(Бераша болх бо. Шайн белхаш д1агойту).

Бабин Ч1ирдиг: «Ваа, дага деа кх суна бабас дийцинарг!»

Психолог: Х1ун ду из, Ч1ирдиг?

Ч1ирдиг: Бабас дицнера суна, шаьш кегий долуш туьтм1аьжигех ловзар бохуш,суна ч1ог1а хазахетар цо и дуйцуш.

Психолог: Тхуна дийца Ч1ирдиг, муха ловзуш хилла уьш хьалха заманчохь?

Ч1ирдиг: Дера дуьйцур ду кх! Бехчалгех горга корта беш хилла, цунна т1е йовлакх туьлий шина куьйга хьалоцуш хилла корта. Т1аккха коьрта т1ехула йоккха зударийн коч юхуш хилла.Туьтм1аьжиг юккъе юллий,зудбераша го бой,ши куьг леккха хьалаойий, корта лестабеш, забарш еш, хелхайохш хилла туьтм1аьжиг .Суьйранна арабовлуш хилла уьш, баккхий нах, кегий бераш долчу керта боьдуш. Ч1ог1а самукъадолуш хилла неха, къаьсттина берийн, куьйгаш детташ, боьлуш  гонаха хьийзаш хилла уьш.Бабас ша дукха лелийна бахар туьтм1аьжиг.

Психолог: Ма хаза дийци ахь тхуна туьтм1аьжигех лаьцна, тхуна цкъа а хезна дацар иза.

Ч1ирдиг: Са бабас хаза х1умнаш дуьйцу , кхи дукхха хумнаш хаьа суна.

Психолог: Хьай баба ма дукха еза хьуна.

Ч1ирдиг: Еза дера, са ч1ог1а самукъдолу бабийца. Бабин а йиш яц со воцуш. Ас цунна г1о до бежнашка хьожуш, хи дохьуш, кертахь г1уллакх деш. Ма мерза  ду бабин пхьор, ма сирла ду ц1ийнан кор. Бераш,аша дицийша шайн бабех лаьцна.

(Бераша дуьйцу шайн бабех лаьцна).

Садa1аран минот:

Массарна  хаьа хелхадовла,

Ирх лелха,ида, сурт дилла

Амма массарна ца хаьа- сада1а

Ловзар тхан иштта ду,

Иза ч1ог1а атта ду,

Лелар меллаш долу

Ч1аг1валар д1адолу.

Х1инца тхо кхеташ ду

Дег1 малдар дика ду

Цкъоц1амаш охьадоьдуш ду

Б1аьргаш  д1ач1аг1луш бу,

Тхо парг1ат садо1уш ду,

Мерза наб т1етуьйсуш ю.

Ч1аг1валар т1ома дели

Дег1 малдели.

Хазчу бай т1ехь 1уьллуш ду,

Бовхачу малхо дохдеш ду

Сада1ар атта,к1орга,  нийса ду,

Хаьа тхуна парг1ато х1ун ду,

Садо1уш ма хаза ду,

Амма г1овтта дезаш ду

Б1аьргаш меллаша д1абоьллу,

Делалой вай хьалаг1овтту.

Психолог:Бераш, садаь1ан  аш? Х1инца вай кхин д1а болх бийра бу.

4.Къамел «Хазахетаран аг1онаш»

Психолог: Бераш,муьлхха беро дикниг до, вониг дан тарло цо, масала….Шун дахарехь нисделлий диканиг дан г1оьртича, иза

г1очу аг1ор нислуш?

Бераш: Нисделла.

Ахьмад: Аса, сан йишас 8-чу мартехь, нанна совг1ат дан дагахь, пена т1ехь зезагаш дехкинера. Амма мамийн самукъа ца делира, оха пен бехбина элира цо.

Психолог: Иштта ду шуьна хазахетарца долу хьал а.

Дикка соьга ладог1а,т1аккха дуьцурду вай цунах лаьцна.

Цхьана г1алахь бехаш хилла цхьа доьзал: да, нана,ши бер-1умар, Марьям.Берашна хазахеташ хилла шайна х1уманаш оьцуш, цунах ч1ог1а самукъадолуш хилла цера. Дас, нанас царна и хазахетар дан г1ерташ, сих-сиха ловзаргаш,марзонаш оьцуш хилла.Цхьана дийнахь церан х1усам юьзна хилла ловзаргех, чохь ког билла меттиг йоцуш. Ткъа бераш цу ловзаргашка а хьаьжна ойлане эгна, сагаттаделла церан. «Хьаьнца ловзар дара теша тхо»-аьлла, ловзаргаш а эцна ара бевлла уьш. Арахь цхьаберш лечкъаргех, вуьш футболех ловзуш хилла. 1умари , Мареми хаза ловзаргаш цхьанне оьшуш ца хилла. Цу шина сахьевзина. Бераш, х1у аьлла хета шуна, х1у дан деза бераша шайн самукъадаккха?

Бераш:Шайн ловзаргаш 1адйитина берашца ловза деза.Сих-сиха арадовла деза.

Х1ара дийцар муха чекхдера дара ца хаьа, цаьрга баба еана цо и шиъ юьрта ца дигнехь. Юьртахь самукъане дара цхьа ловзаргаш йоцуш а.Дийнахь бешахь бабин г1о дора 1умарс, Марема , котамашка хьожура, хи чуьра кегий ч1ерий лоьцура, ткъа сарахь стиглара седарчашка хьоьжура. Цхьа бутт баьлча цаьршинна да-нана деара уьш болче, амма шайн бераш ца девзара царна-ч1ог1а самукъане дара 1умар, Марьям. Бахьна х1ун ду теша аьлча , бераша элира: «Хьай куьйгашца хьоьга цхьа х1ума далуш хилча, иза мел доккха самукъа ду!

Психолог: Церан хазахетарх муха кхийтира да-нана?

Уггаре ч1ог1а хазахетар х1у дара берашна?

Бераш: Да-нана кхийтира шайн берашна оьшург адмашца йолу уьйр хиларх.Уггар ч1ог1а самукъа дара берийн бабина г1о дар.

Психологого г1о до берашна къастам бан: Дог-ойла вон, дика хуьлуш ца хуьлу. Амма, муьлхха а дог-ойла пайден хила тарло адамна шена а, гонд1а долчу адмашна а, иштта зене хила а тарло.

5.Ловзарг «Гайта сурт»

Психолог: Бераш, х1инца вай ловзаргех ловзар ду. Аса шух цхьаьна ц1е

йоккхар ю, цуьнга уьйриг кхуссур бу,т1аккха цуьнга дехар дийр

ду ас иштта: «Якъуб,чан сурт гайта тхуна». Якъуба уьйриг

хьалаьцца, чан к1орнин сурт гойтуш ала деза: «Со чан к1орни ю. Суна хазахета…..Якъуба дуйцур ду вайна, чан к1орнин стенах самукъдолу, гойтур ду и сурт, т1аккха уьйриг кхечуьнг д1акхоьссан эр ду: «Амина,гайтал сурт…» муьлхха акхарочун , экхан сурт. (Бераш ловзу.)

Психолог: Бераш, хазахийтири шуна акхарой гойтуш?

Бераш: Ч1ог1а  хазахийтира.

Бабин Ч1ирдиг: Х1инца кхийти со, са доттаг1ий сахьийзаш х1унда хилла! Со

даиман сай ойла еш хилла, сайна хазахеташ долу ловзаргаех

ловзуш. Царна х1у  хазахета, цера стенах самукъдолу , тха

ницкъ цхьатера боций дага ца деана суна. Аса дика х1ума дарх

цунах пайда массарна ца бола. Х1инца со д1авахча «Гайта

сурт» аьлла долу ловзаргах ловзар ву со  Зуьгалгца,

Уьнт1апхьидца, т1аккха хуур ду суна церан дагара.

Ч1ирдиг:  Х1инца новкъа вала мегар ду со. Дела реза хуьлда шуна ! Сан

ч1ог1а самукъадели шуьца! 1а дика йойла шун!

Психолог: Мерза маршалла ло Бабега, хьайн доттаг1ашка! Дала некъ

табойла хьан! 1а дика дала йойла!

(Ч1ирдиг д1авоьду).

Психолог: Бераш,ткъа х1инца вай волшебникаш ду моттийти вай! Х1ун эра

дара теша вай адамашна, цера самукъадалийта? Ойла ей

вай,х1окху дуьнена т1ехь мел долу адамашна х1ун эр дар вай?

Бераш: Массарех цамгар д1акъастийла!

-Дукха дехийла!

- Массера кхерч хилийла!

- Бертахь дахар хилийла!

- Ирс долуш дехийла!

Психолог: Т1аккха хир ду деригге адам самукъане!!Бераш, х1инца сан дехар ду шуьга суьрташ дахка, шайн хазахетар муха ду гойтуш.

(Бераша суьрташ дохку, царех лаьцна дуйцу).

Доттаг1аллин гуо.

Психолог: Бераш, куьйгаш схьалаца, хьалаайба д1ацахоьцуш, х1инца хьалахьовса – х1ара бу шуна вайн доттаг1аллин гуо. Х1окху хазчу гуо юккъехь дагадаитий вай, х1ун дира вай таханлерачу цхьанакхетарехь.

(Бераша дуьцу шаьш динарг, шайна керла 1еминарг.)

Бераш: Вай дийцира хазахетарх лаьцна, Ч1ирдиган г1о дира,хьалха заманчуьра ловзарг девзира вайна,хазахетаран суьрташ дехкира, акхаройн хазахетарех лаьцна дийцира, хазахетаран аг1онаш евзира.Адамашна юкъахь йолу уьйрех,марзонех лаьцна дийцира.

Психолого гойту цхьанакхетаран дика аг1онаш ,т1аьхьалонна болу сатийсамаш .

Психолог: Бераш, тахана вайна евзи хазахетаран аг1онаш, вайна юкъехь лелаш долу хаза г1иллакхаш, марзонаш.Дала мукълахь кхин д1а а иштта 1амор ду вай нохчийн меттан хаза дешнаш, вайн дахарехь церан долу к1оргера маь1на а.